**दिन—रविवार** **दिनांक—28.09.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी लोकसभ सँ वोकल फॉर लोकलक मंत्र के स्मरण रखैत आगामी पावनि सभ के स्वदेशी उत्पादक संग मनेबाक अपील कयलनि। प्रधानमंत्री श्री मोदी आइ आकाशवाणी पर मन की बात कार्यक्रमक एक सय छब्बीसम संस्करण मे अपन विचार साझा करैत कहलनि जे आबयवला दिन मे कतेको पावनि—तिहार मनाओल जायत आ जीएसटी बचत उत्सव सेहो चलि रहल अछि। श्री मोदी कहलनि जे स्वदेशी उत्पाद के कीनय सँ परिवार मे तऽ खुशी हेबे करत, कारीगरक परिश्रमक सम्मान होयत आ युवा उद्यमी के स्वप्न के पांखि लागत।

---

प्रधानमंत्री स्त्री शक्ति के नमन करैत कहलनि जे एखन नवरात्र मे शक्तिक उपासना कयल जा रहल अछि। ओ कहलनि जे आब कारोबार सँ लऽकऽ खेल जगत धरि आ शिक्षा सँ लऽकऽ विज्ञान धरि प्रत्येक क्षेत्र मे बेटी लोकनि अपन पहचान बना रहल छथि। श्री मोदी नौ सेनाक दू बहादूर अधिकारी लेफ्टिनेंट कमांडर दिलना आ रूपाक उपलब्धिक चर्चा कयलनि जे नाविका सागर परिक्रमाक क्रम मे आठ मास धरि समुद्र मे रहलीह। प्रधानमंत्री महापर्व छठि के सेहो चर्चा कयलनि। ओ कहलनि जे छठि पूजा आब एक वैश्विक उत्सव मे बदलि रहल अछि। श्री मोदी कहलनि जे सरकार छठि महापर्व के यूनेस्कोक संस्कृतिक धरोहर सूची मे सम्मिलित करेबाक प्रयास कऽ रहल अछि, एहि सँ दुनिया भरि के लोक छठि पूजाक भव्यता आ दिव्यताक अनुभव कऽ सकताह।

---

आगामी दू अक्टूबर के गांधी जयंतीक संबंध मे प्रधानमंत्री कहलनि जे महात्मा गांधी सदिखन स्वदेशी के अपनेबा पर जोर देलनि, जाहि मे खादी सभ सँ प्रमुख छल। ओ कहलनि जे पछिला एगारह वर्ष मे देश मे खादीक प्रति आकर्षण बढ़ल अछि। श्री मोदी देशवासी सँ दू अक्टूबर के कोनो ने कोनो खादी उत्पाद कीनबाक आ वोकल फॉर लोकल हैशटैगक संग सोशल मीडिया पर साझा करबाक अपील कयलनि। प्रधानमंत्री हथकरघा आ हस्तशिल्प क्षेत्र मे भऽ रहल बदलाव के लऽकऽ प्रसन्नता व्यक्त कयलनि। ओ बिहारक मधुबनी जिलाक स्वीटी

कुमारीक चर्चा कयलनि, जे संकल्प क्रिएशंस नामक स्टार्टअप सँ मिथिला पेंटिंग के महिला लोकनिक आजीविकाक साधन बनौलनि। आइ पांच सय बेसी ग्रामीण महिला एहि सँ जुड़ि कऽ आत्मनिर्भरताक बाट पर छथि।

———————————————————————

प्रधानमंत्री कहलनि जे आबयवला दिन मे देशभरि मे विजयादशमी मनाओल जायत। ओ कहलनि जे एहि बेर विजयादशमी एक कारण सँ बहुत विशेष अछि, किएक तऽ एहि दिन राष्ट्रीय स्वयंसेवक संघक स्थापनाक एक सय वर्ष पूरा भऽ रहल अछि। ओ कहलनि जे एक सय वर्षक ई यात्रा असाधारण आ अभूतपूर्व रहल। श्री मोदी देशवासी लोकनि के आगामी पावनि आ खास कऽ दियाबातीक शुभकामना देलनि। ओ पुनः  कहलनि जे स्वदेशी उत्पाद के बढ़वा दऽकऽ देश आत्मनिर्भर बनि सकै अछि।

———————————————————————

उपराष्ट्रपति सी.पी राधाकृष्णन कहलनि अछि जे भाषा आ बोलीक विविधताक बादो भारत धर्मक सूत्र मे बान्हल हेबाक कारणे एकजुट अछि। श्री राधाकृष्णन आइ पटनाक ज्ञान भवन मे साहित्य आकादमी द्वारा आयोजित साहित्य महोत्सव उन्मेषक तेसर संस्करणक समापन समारोह के संबोधित कऽ रहल छलाह। ओ कहलनि जे देशक भाषा साहित्य आ संस्कृति समान अभिव्यक्ति मूल्य के साझा करैत अछि आ मतभेद के मेटबैत अछि। ओ साहित्य महोत्सवक सराहना करैत कहलनि जे एहन आयोजन एक भारत श्रेष्ठ भारतक परिकल्पना के अभिव्यक्त करैत अछि। एहि अवसर पर राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां, उपमुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा आ पर्यटन मंत्री राजु कुमार सिंह समेत कतेको गणमान्य लोक उपस्थित छलाह।

———————————————————————

बिहार विधानसभा चुनावक तैयारीक समीक्षा लेल मुख्य चुनाव आयुक्त ज्ञानेश कुमारक नेतृत्व मे आयोगक टीम चारि अक्टूबर के दू दिवसीय कार्यक्रम लेल पटना आबि रहल अछि। ई टीम चुनावक तैयारी के लऽकऽ वरिष्ठ अधिकारी आ राजनीतिक दलक प्रतिनिधि लोकनि संग विमर्श सेहो करत।

———————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ वैशाली जिला मे सात सय चौवालीस करोड़ पचासी लाख टाकाक लागतिवला तीन सय एकतीस विकास योजनाक शिलान्यास आ उद्घाटन

कयलनि। ओ गोपालगंज मे सेहो एक सय एकैस योजनाक शिलान्यास आ उद्‌घाटन कयलनि।

———————————————————————————

मिथिलांचल समेत संपूर्ण प्रदेश मे दुर्गा पूजा के लऽकऽ चहल–पहल बढल जा रहल अछि। विभिन्न शक्तिपीठ आ सिद्धपीठ सभ मे भगवतीक विशेष आराधना भऽ रहल छनि। आइ नवरात्रक सातम दिन भगवतीक छठम् स्वरूप कात्यायनीक पूजन भऽ रहल अछि। पूजा पंडाल सभ के आकर्षक ढंग सँ सजाओल जा रहल अछि। कतेको ठाम आइ बिल–न्योंत कऽ पूजन सेहो भेल।

———————————————————————————

समाप्त